-=- Jinné ji ag Ndaw si -=-

Dafa amoon kenn ku góór,
Koo xam ni dafa am alal, rafet teg ci,
Te amul jabar.
Ku ñu ko may ci dëkk bi, ku rafet rekk,
Mu né bëggu ko.
Ku ñu ko tànnal rekk,
Mu né bëggu ko.
Benn bés mu fab fasam, ni daal day wuti ba xam ndax dina am,
War fas wi di dow.
Di dem, di dem, di dem, di dem, di dem ba ca àll ba,
Mu tasseg genn góór, mu sarax ko.
Góór gi né ko : "baay foo jëm?"
Mu ni ko : "Man dé, dëkk ba ma nekk
Ku ñu mafa may jabar rekk, day fekk né bëgguma ko.
Ku ñu ma may rekk, ma ni bëgguma ko, ma bïggóón nag wutali sama bopp
Mu né ko, soo demee ba ca dgg àll ba, dinga fa gis garabi limoñ,
Soo xuuséé ba ce biir garab ya, dinga fa gis ñetti doomu limoñ,
Nga däggndoo léén.
Soo ñówéé ba ci digg àll ba,
Boo xollee benn bi, dina am ku ci génné, dina am lu mu la laaj.
Mu ni waaw.
Di dowal fasam, di dowol fasam, di dowal fasam ba àgg ca àll ba,
Ba gis ñetti garab ya.
Mu dugg, daldi gis, ñetti limoñ yi, mu dàggndoo leen,
Di dowal ba ca digg àll ba, mu xolli benn ba.
Kenn ku jigéén ku rafet génn ci, daldi né ko :
"Baay may ma póón.
Mu né ko : Man dé awma póón
Mu né ko : May ma mburu.
Mu né ko : Man dé awma mburu.
Mu né ko : Koon dé yow mïnóó maa ame, ma dellu ci sama xott.
Mu dese ñaari limoñ.

Di dowati, di dowati ba ci digg àll ba,
Mu xolleeti beneen.
Ku dàq ku jëkk ki génn, daldi né ko :
"Baay, may ma mburu.
Mu né ko : Man dé awma mburu.
Mu né ko : May ma pòòn.
Mu né ko : Man dé awma pòòn.
Mu ni ko : Koon yow mënoo maa ame, ma dellu ci sama xott.
Mu dese ko benn.
Mu daldi dem, jënd mburòòm ag pòònam
Di dowal, di dowal, di dowal be gën dugg ci biir àll bi.
Mu xolli benn bi.
Ku dàqati ñooñu génn ci.
Daldi né ko : "Baay may ma mburu.
Mu jox ko mburu, mu lekk ba doyal.
Mu né ko : may ma pòòn.
Mu jox ko, mu mëq ba doyal.
Mu né ko yow laa mën àndal. Ku gòòr ki né ko :
Wànte leegi, danuy def lenn
Ndax damaa bëgg dem ca sunu dëkk
Yëgal leen né am naa jabar, ñu mën nu teeru.
Leegi nag damaa bëgg nga dëkk ci kow taax mii, ñu nekk fi ba ma
Dem yëgal leen ko.
Taax mi nag ci kow garab la ne, ba pare nag tiim gééj gi.
Mu daldi né ko : waaw.
Ñu nekk fa ba am fa seen doom ju gòòr.
Jëkkër ji daldi dem nag di ko yëgali waa dëkk ba.
Mu daldi dem nag.
Bu kou jigéén ki jògéé, fekk doom ji nelax, mu sëppu ci
taaxum-kow mi,
Takkndeer biy feeñ ci ndox mi.
Bu jinné ji ñowéé di duysi rekk,
Daldi xool takkndeer bi, defe ni moom la.
Mu daldi né : "Ey man, ndekkete nii laa rafete !

Ku rafet ba mel nii, ñu lay duylóó ! Daldi rajaxe ndaa la, dem.

Bu ëllëguéé buy duy, jinné ji xoolati ndox mi, daldi né :

Ey man ndekkete nii laa rafete !

Ku rafet ba mel nii, ñu lay duylóó. Daldi rajaxe ndaa la.

Bu ñetteel ba, jinné ji dikkaat, daldi xool takkndeer bi, daldi ni

Ey man ndekkete nii laa rafete !

Ku rafet ba mel nii, ñu di la dylóó ! Daldi rajaxe ndaa la.

Ku jigéén ki ci kow daldi ree :

Mu né ko : axaan ! ndekkete yow kay yaa sëppu fii rekk,

Su ma ñówéé defe né maa rafete nii.

Ndekkete yow yaa fiy sëppu rekk !

Wàccal ma létt la.

Mu né ko : man dé duma wàcc ndax sama jĩkkër dafa dem

Te dafa ma néwóón, lu yàgg-à-yàgg, bul wàcc.

Mu né ko : Wàccal rekk du yàgg, létt yi du yàgg.

Ma létt la, létt yu rafet ndax bu sa jëkkër ñówéé...

Mu wàcc.

Mu daldi koy létt, ba pare, fab benn pingu sàmp ci diggu bopp bi.

Mu sóppaliku picc, daldi naaw dem... picc mu rafet.

Jinné ja daldi yéég wuutu ko ci kow.

Bu doom ji yewwóó mu fab ko, ba jëkkẽr ji ñów,

Daldi né ko : moo ! ana sama jabar ?

Mu ni ko : maa ngi nii.

Nun nii lanu mel, sunu waa dëkk dañuy soppeeku

Bu teyee ñu rafet, bu ëllëgéé ñu ñaaw.

Mu daldi né : Ey man fu ma jëm ag suma gàcce gii ?

Te yëgal naa waa dëkk ba, lu nekk ñu ngi koy pare.

Ndax ku ñu ma móss may ci dëkk ba rekk, ma né bëgguma ko.

Ndekkete ku ñaaw kii laa leen di yóbbul.

Mu ni ko : Nun nii lañuy mel.... nii rekk lañuy mel, sunu dëkk.

Mu daldi né ko : Waaw na nu dem.

Ñu dem.

.../...

Waa dëkk ba di ree.

Ñii di yuuxóó naan : Ëy waa ji Yàlla na dee !

Ku ñu ko mósa may mu bañ, ndekkete yóó kii lanuy àndil !

Kii dé Yàlla na dee !

Di ko def ba benn bés

Ku góór ki daldi ni na nu fori picc sa àll ba.

Ñu dem, di for, di for, di for...

ba foraale fa yaayu xale ba ñu sóppaliwoon picc,

Muy picc mu rafet.

Ñu ñów nag def ko ci kër gi.

Picc mi bëgg xale bi, xale biy màgg.

Picc mi bëgg ko ba dee.

Fu mu tollu rekk, di tag ci kowam, mu di ko raay.

Jinné ji daldi né : Picc mii daal na ñu ko rey.

Bu subaa dinañu ray picc yépp.

Xale bi di jooy, né bu kenn rey picc mi,

Di jooy né baay bi rekk, bu ñu ko rey.

Ba benn bés, ñu lal ndës di lekk.

Picc mi daldi ñów né cëpp ! ci digg ndab li,

Xale bi di ko raay, di ko raay

Ba sempi ping bi ci bopp bi

Mu sóppaliku yaayam.

Ku jigéén ki daldi dee foofa, jinné ji dee foofa.

Mu sooga wax waa dëkk ba

Ni leen kii moo doon sama jabar,

Dañu ko sóppaliwóón picc.

Mu ànd ag yaay jéég doom ji, yeggali seen sëy.

-=-=-=-=-=-=-=-=-=-=-